



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

**Pou Piblikasyon Imedya:** 7 me 2014

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE KÒMANSMAN RENOVASYON SANT NASYONAL SAL POU FANM SELÈB YO  
NAN SENECA KNITTING MILL**

***Etablisman renove nan Seneca Knitting Mill pral selebre fi yo nan istwa***

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse kòmansman konstriksyon nan Seneca Knitting Mill, sa ki pral vini sant pou Fanm selèb yo ak nouvo kay Sal Nasyonal Fanm Selèb yo. Travay nan strikti an kalkè a, ki te bati nan ane 1844 nan Seneca-Cayuga Canal, pral konsantre sou stabilizasyon inisyal bilding lan ansanm avèk prezèvasyon istwa achitekti epi onore moun yo ki te travay la.

“Antanke plas nesans Mouvman Dwa Fanm, pa gen kominote ki pi apwopriye ke Seneca Falls pou loje Sant pou Fanm Selèb yo ak Sal Nasyonal Selèb pou Fanm yo [Center for Great Women and the National Women's Hall of Fame] sa ki pral onore pyonye yo kap kontinye enspire fanm yo toupatou nan mond lan,” Gouvènè Cuomo te deklare. “Pou anpil jenerasyon, fanm New York yo te ouvri chemen an nan pouswit yon sosyete egal ak jis, e nou fyè pou n kontinye prezève ak pwomote eritaj sa a nan Seneca Falls.”

Prezidan Sant Nasyonal Fanm Selèb (Sal la) [National Women's Hall of Fame (the Hall)] Jill Tietjen te deklare, “Nou kontan paske pwojè stabilizasyon Mill la ap kòmanse. Sa a se yon etap enpòtan nan transfòmasyon Mill la nan Sant pou Fanm Selèb yo – pwochen kay Sal la. Nan sant lan, nou pral selebre ak onore fanm ki enspire yo ki kenbe nou tout sou zepòl yo ak ede devlope pwochen jenerasyon fanm dirijan yo.”

An sipò yon \$25 milyon dola efò pou renove Mill la ak bati Sant Nasyonal Sal pou Fanm Selèb yo (sal la) [Center, the National Women's Hall of Fame (the Hall)] te resevwa preske \$4 milyon dola nan sibvansyon ki matche. Sibvansyon Eta New York gen ladan \$2.5 milyon dola ki soti nan Devlopman Empire Statre (Restore NY), \$830,000 nan Biwo Rekreyasyon Park, ak Konsèvasyon Istorik, ak \$150,000 dola ki soti nan Kanal Kòporasyon. De nan sibvansyon Eta New York yo te atribye atravè Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal Finger Lakes (FLREDC). [the Finger Lakes Regional Economic Development Council (FLREDC). Pwogram Nasyonal Sèvis Park Save America's Treasure egalman atribye finansman pou pwojè a.

Haitian Creole

Yo tout matche fon ki nesèsè pou Sal la ranmase sipò ekivalan grasa kanpay pou ranmase lajan nan men donatè lokal, rejyonal ak nasyonal. Efò pou ranmase lajan jiska dat te reyalize don matche ki soti nan Vialj Seneca Falls, donatè endividyèl, ak biznis lokal yo -- te pèmèt travay enpòtan sa kòmanse.

Prezidan Devlopman Empire State , PDG ak Komisyonè Kenneth Adams te deklare, “Eta New York se plas nesans mouvman dwa fanm yo. Pwojè sa pral rekonèt eritaj enpòtan sa a, stimile touris ak grandi devlopman ekonomik nan rejyon an.”

Komisyonè Prezèvasyon Istorik Park ak Rekreyasyon Eta New York Rose Harvey te deklare, “Mwen aplodi Gouvènè Cuomo ak Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal nan Finger Lakes paske li te ede prezève ak amelyore sa ki pral yon nouvo destinasyon eksepsyonèl nan zòn eritaj Seneca Falls. Pandan tout istwa nou, Eta New York te yon lidè nan asire egalite dwa pou fanm yo, e li se yon istwa ki ta dwe rakonte ak pataje.”

Direktè Canal Kòporayson Brian U. Stratton te deklare, “Istwa Fanm yo gen yon rasin pwofon nan Eta New York e Canal Corporation an fyè pou l ede mete istwa sa a an ekspozisyon. Ansyen Seneca Knitting Mill se yon senbòl enpòtan de Dwa Fanm yo, revolisyon endistriyèl, ak Kanal New York. Mwen pa kapab panse sou yon pi bon kay pou fanm onorab yo ki te enskri nan Sal pou Fanm Selèb yo [Women’s Hall of Fame.”

Senatè Mike Nozzolio te deklare, “ seremoni inogirasyon travay jodia se kilminasyon plizyè ane travay san relach, planifikasyon ak yon vizyon pou lavni ki pral transfòme ansyen pwopriyete Seneca Knitting an Seneca Falls nan nouvo katye jeneral Sal Nasyonal pou Fanm Selèb yo. Antanke kay mouvman nasyonal dwa fanm, ansyen pwopriyete Seneca Knitting Mill se zòn ideyal pou nouvo bilding lan. Toulède paran mwen yo te travay nan faktori nan ansyen bilding Seneca Knitting Mill ki pral kounye a vini kay Sant Nasyonal Fanm Selèb yo, kidonk li espesyalman enpòtan pou mwen ka wè nouvo souf nan bilding sa a.”

Lidè minorite Asanble a Brian Kolb te deklare, “Kòmansman pwojè sa a kòmanse yon nouvo chapit enteresan pou Sant Nasyonal Fanm Selèb yo. Enstitisyon sa a se yon pati nan Istwa Ameriken e li se yon sous fyète pou Eta New York ak kominote Seneca Falls. Inogirasyon jodia se yon rezilta de yon efò kolaboratif e li pral amelyore etablisman cheri sa a ak eksperyans pou vizitè yo. Sa a se yon efò apwopriye pou onore eritaj ak kontribisyon fanm yo ki te fòme Amerik la.”

Konsèy Sipèvizè konte Seneca prezidan Robert W. Hayssen te deklare, “Antanke natif natal Seneca Falls, Mwen konnen kijan li enpòtan pou zòn sa rekoni tankou plas nesans mouvman dwa fanm. Jodia inogirasyon siman nan mi an kalkè sa yo Seneca Falls pral pou toutan konnen tankou plas nesans mouvman dwa fanm yo. Seneca Falls ak Konte Seneca pral pou toutan fyè de akonplisman premye sifrajèt yo.”

Vil Seneca Falls ak Sipèvizè Konte Seneca Don Earle te deklare, “Depi mwen te demenaje al rete nan Seneca Falls nan 1987 epi kòmanse aprann istwa rich gwo vil sa a, mwen te grandi pou apresye efò chak moun pou pwomote fanm yo ak kontribisyon yo nan gwo peyi nou an. Nou kontan pou nou genyen

Haitian Creole

seremoni inogirasyon sa jodia pou onore efò yo la nan Seneca Falls kote li te kòmanse. Nenpòt pwojè gwo sa pa janm fasil e kòm yon rezilta de travay di anpil fi ak gason, kounye a nou anmezi pou restore sit istorik izin moulen triko sa an yon kay ki rekonèt mondyalman ak ekspoze fanm yo toupatou nan pase, prezan, ak lavni. Mwen fyè paske Konsèy Vil Seneca Falls te sipòte gwo efò sa a avèk yon kontribisyon \$250,000 dola pou benefisye tout vil la ak ede pwomote touris ak kwasans pou kominote nou an ak pou tout moun pwofite.”

### **Enfòmasyon sou Sant Nasyonal Fanm Selèb yo**

Sal la se pi ansyen òganizasyon manm nan peyi a ki dedye pou rekonèt ak selebre reyalizasyon gwo fanm Ameriken. Li te kreye nan ane 1969 nan Seneca Falls, plas nesans Mouvman Dwa Fanm, pa yon gwoup fanm ak gason lokal ki te kwè ke kontribisyon fanm ameriken an merite yon kay pèmanan nan ti vilaj kote lit dwa fanm lan te kòmanse. Sal la, yon 501(c)(3), òganizasyon non-pwofi, lokalize nan Seneca Falls distri istorik anba lavil Seneca Falls, New York.

Sal la ap vize pou amelyore konpreyansyon piblik la sou istwa ak kilti ameriken nan ekspoze ak prezève istwa pyonye fanm ameriken yo sa yo te reyalize gen yon valè dirab, yo gen enpòtans nasyonal, e yo gen yon enpòtans nan peyi nou an ak nan mond lan. Renovasyon Seneca Knitting Mill pral transfòme pwopriyete a nan yon etablisman modèn ki pral vini yon sant edikasyonèl vibran kote vizitè, chèchè, touris ak kominote a kapab dekouvri enspirasyon nan istwa lit fanm sa yo.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou Sal la ak entwonize li yo, vizite [greatwomen.org](http://greatwomen.org).

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Executive Chamber | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418